

THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK

8 YÈM ANE

HAITIAN EDITION
GRADE 8 SOCIAL STUDIES
BOOK II
INTERMEDIATE LEVEL

NIVO ENTÈMEDYÈ

EGZAMEN SYANS SOSYAL

DEZYÈM LIV

KESYON KI BAZE SOU YON SERI DOKIMAN (DBQ)

JEN 2003

Non elèv la _____

Non lekòl la _____

Ekri non w ak non lekòl ou a an karaktè enprimri sou liy pi wo la a yo.

Egzamen sa a gen twa pati. Premye Pati a ak Dezyèm Pati a nan premye liv la; Twazyèm Pati a nan tiliv sa a.

Yo baze **Twazyèm Pati** a sou divès dokiman.

Seksyon A nan Twazyèm Pati a gen dokiman yo. Chak dokiman akonpaye ak yon kesyon oubyen plis. Ekri repons ou yo nan espas ki la pou sa nan tiliv sa a.

Seksyon B nan Twazyèm Pati a gen yon redaksyon ki baze sou dokiman yo. Ekri repons la pou kesyon sa a nan tiliv pou ekri repons ki apa a, depi premye paj nan tiliv la.

W ap gen inèdtan edmi pou w reponn kesyon ki nan Dezyèm Liv la, epi ekri redaksyon w lan.

PA OUVRI LIV EGZAMEN AN TOUTOTAN OU PA GEN PÈMISYON SIVEYAN AN

Copyright 2003
THE UNIVERSITY OF THE STATE OF NEW YORK
THE STATE EDUCATION DEPARTMENT
ALBANY, NEW YORK 12234

NO PART OF THIS TEST MAY BE REPRODUCED AND/OR TRANSMITTED BY ANY MEANS WITHOUT WRITTEN PERMISSION.

Repons pou kesyon sou redaksyon yo fèt pou ekri nan tiliv separe pou redaksyon an.

Lè w ap devlope repons pou Twazyèm Pati a, sonje definisyon sa yo:

pale sou yon sijè vle di “fè kòmantè sou yon bagay pou di sa ki pase, rezone, epi bay agiman; bay detay pou prezante bagay la”

Twazyèm Pati

KESYON KI BAZE SOU DOKIMAN

Kesyon sa a mache ak dokiman sa a yo (1-6). Kesyon sa a la pou li teste kapasite w nan sèvi ak dokiman istorik. Yo edite kèk pati nan dokiman yo pou yo kapab sèvi pou kesyon sa a. Lè w ap analize dokiman yo, sonje ki kote yo soti ak ki pwennvi ki parèt ladan yo.

Kontèks Istorik:

Pandan 19yèm syèk la, rezilta konstriksyon Kannal Eriye ak ray tren transkontinantal la te bay la, se kwasans ekonomik Etazini.

Objektif Travay la:

Avèk enfòmasyon ou pran nan dokiman yo, epi konesans ou nan syans sosyal, reponn kesyon ki swiv chak dokiman nan Pati A a. Repons ou bay pou kesyon yo pral ede w ekri redaksyon nan Pati B a, kote yo pral mande w:

- Pale sou jan Kannal Eriye ak ray tren transkontinantal la te ede nan kwasans ekonomik la nan Etazini.

VIRE PAJ LA POU ALE NAN SEKSYON A ➡

Seksyon A

Kesyon ki Mande Repons Kout

Esplikasyon: Analize dokiman yo epi reponn kesyon ki mande repons kout ki swiv chak dokiman nan espas yo bay la.

Dokiman 1A

Lè ane 1825 te rive, Kannal Eriye a te bay pò maritim Nouyòk yo ki te deja plen aktivite yon lòt bourad ankò. Bato komèsyal yo pa t kapab monte nan direksyon nò sou Rivyè Idsonn lan, pou rive jouk nan Lak Eriye. Nouvo chimen sou dlo sa a pa t sèlman konekte Oseyan Atlantik ak Gran Lak yo, men li te bay endistri yon gwo bourad [ogmantasyon aktivite] sou tout chimen Rivyè Idsonn lan, epi li te fè pò ak waf Nouyòk yo gen plis valè pase sa yo te janm genyen anvan an.

Ant 1830 ak 1860, Vil Nouyòk la te fè yon pakèt pwogrè....

Sous: Virginia Schomp, *New York Celebrates the States*, Benchmark

Dokiman 1B

Anvan yo te bati kannal la, Vil Nouyòk te senkyèm pi gwo pò maritim nan peyi a, paske li te vini apre Boston, Baltimò, Filadelfi, ak Nouvèl Òleyan. Anvan 15 an te pase, apre yo ouvri Kannal Eriye a, Vil Nouyòk te pò ki te gen plis aktivite nan Etazini; li te gen plis machandiz ki pase ladan l pase Boston, Baltimò, ak Nouvèl Òleyan kole ansanm. . . .

Sous: New York State Canal Corporation

1a Dapre dokiman sa yo, di *yon* jan Kannal Eriye a te afekte kwasans ekonomik **Eta Nouyòk la**. [1]

Score-Nòt

b Dapre dokiman sa yo, di *yon* jan Kannal Eriye a te afekte kwasans ekonomik **Vil Nouyòk la**. [1]

Score-Nòt

Dokiman 2

**Ekspedisyon Machandiz pandan
Tan Kannal Eriye a
(Soti nan Vil Nouyòk pou ale Bifalo)**

	Wout Tè	Kannal
Metòd	Wagon	Bato
Kantite Tan	21 Jou	8 Jou
Pri	\$100/tòn	\$10/tòn

Sous: James Silver, *American History Activities*,
The Center for Applied Research in Education (adapte)

2a Dapre tablo sa a, konbyen jou sa te pran pou yon machandiz ki soti nan Vil Nouyòk sou bato te rive Bifalo, sou Kannal Eriye? [1]

_____ Score-Nòt

b Dapre enfòmasyon ki nan tablo a, di *de* (2) avantaj ekonomik ki te genyen nan vwayaje sou Kannal Eriye, pase pou yo te vwayaje sou wout tè, lè yo t ap transpòte machandiz pandan tan kannal la. [2]


(1) _____

_____ Score-Nòt

(2) _____

_____ Score-Nòt

Dokiman 3




Sous: James Silver, *American History Activities*,
The Center for Applied Research in Education (adapte)

3 Dapre enfòmasyon ki nan kat la, di *yon* rezon ki fè Kannal Eriye te enpòtan pou kwasans ekonomik Etazini.
[1]

Score-Nòt

Dokiman 4



Sous: James F. Silver, *American History Activities*, Center for Applied Research in Education (adapte)

4 Dapre kat sa a, kouman sa te ede kwasans ekonomik Etazini, lè yo te fin bati premye ray tren transkontinantal la? [1]

Score-Nòt

Dokiman 5

Popilasyon Vil nan Wès yo

Vil	1860	1890
Denver	2,603	106,713
Omaha	1,883	140,452
Portland	2,874	46,385
San Francisco	56,802	298,997

Sous: *Population Abstract of the United States*
(enfòmasyon ki soti nan *Creating America*, McDougal Littell) (adapte)

- 5 Kisa tablo sa a montre sou konsekans ray tren transkontinantal la te genyen sou popilasyon vil nan wès yo?
[1]

Score-Nòt

Dokiman 6

Tren ki soti nan wès la te pote matyè premyè nan ès la, tankou bwa, mineral, betay, ak grenn. Yo te transfòme matyè premyè yo nan vil midwès tankou Sen Lwi, Chikago, Mineyapolis, ak Klivlann. Yo te fè grenn yo tounen farin. Vyann kochon te fè bekon ak janbon. Betay te bay vyann bèf. Yo te konvèti fè pou fè l tounen asye. Yo te koupe bwa pou fè planch pou kay. Yo te mete machandiz ki fin transfòme yo nan tren, pou voye yo nan vil ès yo. Apre sa, vil nan ès yo te fè machandiz nan izin yo, pou vann yo ak moun nan wès yo. . . .

Sous: Lorna Mason et al., *America's Past and Promise*, McDougal Littell

6 Dapre tèks sa a, di *de* (2) fason ray tren te enfliyanse kwasans ekonmik la nan Etazini. [2]

(1) _____

(2) _____

Score-Nòt

Seksyon B

Redaksyon

Esplikasyon: Ekri yon redaksyon ki byen òganize ki gen yon entwodiksyon, plizyè paragraf, ak yon konklizyon. Sèvi ak prèv ki nan omwens **kat** dokiman, nan pati ki gen devlopman sijè nan redaksyon an. Ili ki pase ki anrapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte repons ou bay la. Mete enfòmasyon ou jwenn deyò anplis sou sa.

Kontèks Istorik:

Pandan 19yèm syèk la, rezilta konstriksyon Kannal Eriye ak ray tren transkontinantal la te bay la, se kwasans ekonomik nan Etazini.

Objektif Travay la:

Sèvi ak enfòmasyon ki nan dokiman yo, epi ak konesans ou nan syans sosyal, pou ekri redaksyon kote ou pral:

- Pale sou jan Kannal Eriye ak ray tren transkontinantal la te ede nan kwasans ekonomik la nan Etazini.

Direktiv:

Nan redaksyon w lan, sonje pou w:

- Trete tout aspè nan *Objektif Travay* la; pou fè sa, bay yon analiz ak yon entèpretasyon egzak pou omwens **kat** dokiman
- Pran enfòmasyon nan dokiman yo pou mete nan devlopman sijè nan redaksyon an
- Mete enfòmasyon ou jwenn deyò epi ki gen rapò ak sijè a
- Di sa ki pase ki gen rapò ak sijè a, epi bay egzanp, ak detay pou sipòte tèm nan
- Sèvi ak yon plan òganizasyon ki lojik epi ki klè
- Pou entwodwi tèm nan, tabli yon fondasyon ki ale pi lwen pase repete *Objektif Travay* la oswa *Kontèks Istorik* la, epi fè yon rezime tèm la kòm konklizyon